

# NOUYÒKÈ: RETE LAKAY POU FRENEN PWOPAGASYON KOWONAVIRIS

Nouyòkè ki ap travay ansanm yo epi ki rete lakay ka ralanti pwopagasyon kowonaviris (COVID-19) nan Vil New York. Lè ou sòti pou bezwen esansyèl yo, travay oswa respire lè frè, kenbe distans ant oumenm ak lòt moun yo epi pran prekosyon sa yo.



## PWOTEJE TÈT OU AK LÒT MOUN YO

- Kenbe omwen 6 pye ant oumenm ak lòt moun yo.
- Lave men ou avèk savon ak dlo souvan.
- Kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon mouchwa oswa manch rad lè ou ap etènye oswa touse.
- Pa touche figi ou avèk men san lave.
- Siveye sante ou pi pre pase dabitid pou sentòm rim oswa grip.



## SI OU MALAD

- Rete lakay.
- Si ou gen yon tous, souf kout, lafyèv, malgòj epi ou pa santi ou amelyore apre 3-4 jou, konsilte avèk doktè ou.
- Si ou bezwen èd pou jwenn swen medikal, rele 311.
- NYC pral bay swen kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa kapasite pou peye.



## PWOTEJE SILA KI PI FRAJIL YO

- Rete lakay si ou genyen maladi poumon, maladi kè, dyabèt, kansè oswa yon sistèm iminitè ki fèb.
- Rete lakay epi rele, pale pa videyo oswa voye mesaj tèks avèk fanmi oswa zanmi yo ki gen youn nan pwoblèm sa yo.



## DIMINYE ANKONBREMANT MOUN

- Rete lakay.
  - Travay lakay si posib.
- Si ou oblije sòti:**
- Espase èdtan travay yo de lè vwayaj ki gen afliyan yo.
  - Mache oswa monte bisiklèt.
  - Pa rasanble nan foul.

Pou mizajou an tan reyèl, vizite [nyc.gov/coronavirus](https://nyc.gov/coronavirus).

Rele 311 pou rapòte asèlman oswa diskriminasyon. Rele 888-692-9355, voye mesaj tèks "WELL" bay 65173 oswa diskite anliy nan [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell) pou konekte ak yon konseye.

*\*Frè mesaj ak done yo gendwa aplike. Verifye ak founisè plan mobil ou pou plis detay.*



Bill de Blasio  
Majistra  
Oxiris Barbot, MD  
Komisyone